

D+S  
M

**Manjé Sajès**

Mt 14,13-21

18<sup>e</sup> d. o. A

Musique : 01-12-1993

St Éloi

Paroles : 05-09-2008

Ste Raïssa

**R. Granmèt la okipé nou,  
Li konn tout bézouin nou,  
Fò-n kòmansé kouté li,  
N-a jouinn bon manjé.**

- |  |   |
|--|---|
| 1. Lè Jan-Batis fi-n mouri,<br>Jézu ralé kò li,<br>Li monté nan yon kannòt,<br>L-al nan yon dézè.                      | Ps 23,1 ; Ez 34,11 ;<br>Jn 10,11.14   |
| 2. Foul yo pati dèyè li,<br>Yo rivé anvan li,<br>Zantray li fè-l mal pou yo,<br>Li géri malad.                         | Is 55,2 ; Mt 4,4 ; Dt 8,3 ;<br>Sg 16,26   |
| 3. Lè asouè minm vi-n rivé,<br>Disip yo mandé li<br>Ranvouayé yo nan bouk yo<br>Pou achté manjé.                       | Mt 14,13  |
| 4. Li di : « Pa ranvouayé yo,<br>Bay manjé nou minm minm ».<br>Yo di : « Sèl sa nou ginyin,<br>Sink pin, dé pouason ». | Mt 14,14  |
| 5. Li di : « Poté yo ban mouin ».<br>Épi li pasé lòd<br>Pou fè foul yo lonjé kò<br>Sou zèb la atè.                     | Mt 14,15  |
| 6. Sink pin ak dé pouason yo,<br>Li pran yo nan min li,<br>Li lévé jé-l nan sièl la<br>Épi li béni.                    | Mt 14,16-17   |
| 7. Li kasé, li bay pin yo<br>Nan min disip li yo,<br>Disip yo minm bay foul yo,<br>Tout moun byin manjé.               | Mt 14,18-19a  |
| 8. Yo ranmasé rèss moso,<br>Douz kòbèy ki byin plin,<br>Sink mil gason té manjé<br>Ni fi, ni ti moun.                  | Mt 14,19b   |
| 9. Nou tout ki souaf, vi-n nan dlo<br>San-n pa gin lajan,<br>Manjé, bouè divin ak lèt,<br>San nou pa péyé.             | Mt 14,19c-20a   |
| 10. Kouté, paré zòrèy nou,<br>N-a jouinn bon manjé,<br>Alians Granmèt la gratis,<br>Li la pou tout tan.                | Mt 14,20b-21  |
| 11. Granmèt la panché sou nou<br>Avèk kè sansib,<br>Granmèt la bon pou tout moun,<br>Pou tou sa-l kréyé.               | Is 55,1   |
| 12. Jé tout moun sou Granmèt la<br>Avèk éspérans,<br>Li fè yo jouinn manjé yo<br>Lè moman-an rivé.                     | Is 55,2-3 ; 2 Sm 7,13-16 ;<br>Gn 17,4.7 ;<br>Sg 12,21 ; 18,22 ;<br>Lc 1,55 ; Ps 89,4.29 |
|  | Ps 145,8-9  |
|  | Ps 145,15   |